

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif jeung méthode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2016, kc. 22), pamarekan kualitatif téh mangrupa panalungtikan nu digunakeun pikeun nyangking data nu mangrupa kekecapan lisan atawa tinulis ku cara neuleuman jeung maham kana éta kekecapan.

Sedengkeun nurutkeun Sarosa (2012, kc. 7) panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu nyoko kana usaha dina nyangking fénoména dina *setting* jeung *konteks* naturalna (lain di jero laboratorium), ku kituna panalungtik teu kudu manipulasi fénoména nu diobservasi. Luyu jeung pamadegan Sugiyono (2016, kc. 8) yén pamarekan kualitatif téh bisa disebut ogé panalungtikan naturalistik, sabab dilaksanakeun dina kaayaan nu alamiah (*natural setting*).


Tujuan dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun ajén atikan karakter jeung struktur carita nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dibarung ku méthode déskriptif-kualitatif. Méthode déskriptif mangrupa méthode panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, sarta hasilna ditulis dina wangun laporan (Arikunto, 2016, kc. 3). Sedengkeun méthode mangrupa cara utama nu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kalayan ngagunakeun téhnik sarta instrumén atawa alat-alat nu tangtu (Arikunto, 2016, kc. 203).

Ku kituna, ieu panalungtikan téh nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur novél jeung ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati.

3.2 Desain Panalungtikan

Nurutkeun (Arikunto, 2016, kc. 90), désain panalungtikan nyaéta rarancang kagiatan panalungtikan nu bakal dilaksanakeun. Ku kituna, dina désain panalungtikan bakal kagambar guluyurna léngkah-léngkah panalungtikan.

Sababaraha tahapan dina désain panalungtikan nu dilaksanakeun téh saperti kieu: (1) nangtukeun masalah; (2) ngumpulkeun data; (3) ngolah data; jeung (4) ngadéskripsikeun data sarta nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré, bisa ditilik tina ieu bagan.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka jeung studi dokuméntasi. Ieu téhnik panalungtikan téh digunakeun pikeun nyangking informasi data tur fakta nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data, nyaéta:

- 1) Ngumpulkeun référénsi nu aya pakaitna jeung strukturalisme, ajén atikan karakter, jeung bahan pangajaran maca di SMP.
- 2) Maca sagemblengna sumber data, novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati.
- 3) Nandaan bagian-bagian nu kaasup kana struktur carita jeung ajén atikan karakter.
- 4) Ngumpulkeun data nu kaasup kana struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Objék nu ditalungtik nyaéta novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Sabada ngumpulkeun data, tuluy dianalisis ngagunakeun tiori: (1) struktural Robert Stanton, (2) ajén atikan karakter dumasar kana 18 ajén Kemendiknas, (3) novél pikeun bahan pangajaran maca di SMP. Éta téhnik téh mangrupa cara pikeun nyangking jawaban tina pasualan nu ditanyakeun. Léngkah-léngkah téhnik analisisna saperti kieu:

- 1) Maca jeung maham novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati;
- 2) Nganalisis eusi novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati struktur carita jeung ajén atikan karakterna;
- 3) Nangtukeun struktur novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati;
- 4) Ngadéskripsikeun struktur novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati;
- 5) Nangtukeun ajén atikan karakter dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati;
- 6) Ngadéskripsikeun ajén atikan karakter dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati;
- 7) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data nu ngarojong kana prosés panalungtikan sangkan hasilna lengkep kalayan sistematis (Arikunto, 2016, kc. 203).

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh ngawengku dua bagian, nyaéta (1) instrumén ngumpulkeun data, jeung (2) instrumén ngolah data. Éta

instrumén téh digunakeun pikeun nganalisis struktur carita dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati, nu satuluyna dianalisis ajén atikan karakterna.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Tabél data mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu aya dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Tabél data nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa ditilik saperti kieu.

Tabél Data Struktural

Tabél 3.1

Téma

No.	Téma	Cutatan	Kode Data
			PKB/J/ KC

Tabél 3.2

Fakta Carita

No.	Fakta Carita	Cutatan	Kode Data
			PKB/J/ KC

Tabél 3.3

Sarana Sastra

No.	Sarana Sastra	Cutatan	Kode Data
			PKB/J/KC

Tabél 3.4

Ajén Atikan Karakter

No.	Sikep	Cutatan	Kode Data	Ajén Atikan Karakter																	
				1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18
			PKB/J/ KC																		

Keterangan:

1 = réligius	10 = sumanget kabangsaan
2 = jujur	11 = cinta lemah cai
3 = <i>toléransi</i>	12 = <i>menghargai préstasi</i>
4 = disiplin	13 = mimitran tur komunikatif
5 = junun digawé	14 = cinta damai
6 = <i>kréatif</i>	15 = <i>gemar membaca</i>
7 = mandiri	16 = <i>maliré ka lingkungan</i>
8 = démokratis	17 = <i>peduli sosial</i>
9 = rasa hayang mikanyaho	18 = <i>tanggung jawab</i>

PKB = *Pelesir ka Basisir*

KC = Kaca

J = Judul Bagian Novél

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Kartu data mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun ngolah data nu geus kapalaruh dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa ditilik saperti kieu.

Kartu Data Analisis Struktural

Tabél 3.5

Kartu Data Téma

Kode data	: PKB/J/KC
Téma	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.6

Kartu Data Fakta Carita

Kode data	: PKB/J/KC
Fakta Carita	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.7

Kartu Data Sarana Sastra

Kode data	: PKB/J/KC
Sarana Sastra	:
Cutatan	:
Analisis	:

Keterangan:


PKB = Pelesir ka Basisir

J = Judul Bagian Novél

KC = Kaca

3.5 Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung ajén atikan karakter dina novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku novél *Pelesir ka Basisir* karya Risnawati. Idéntitas bukuna saperti ieu di handap.



Gambar 3.1
Jilid Novél *Pelesir ka Basisir* Karya Risnawati

- 1) Judul Buku : *Pelesir ka Basisir*
- 2) Pangarang : Risnawati
- 3) Kandel : 112 kaca
- 4) Medal : citakan ka-1 taun 2020
- 5) Pamedal : Pustaka Jaya
- 6) Warna Jilid : Coklat

Sinopsis

Waktu peré sakola, kolotna Zahra jeung Ghifa kudu nyumponan tugas kantorna ka Bali. Ku kituna, Zahra jeung Ghifa dititah ku Emahna sangkan peré

Erick Rizky Febrianto, 2022

NOVÉL PELESIR KA BASISIR KARYA RISNAWATI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMP
(ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sakola téh ngendong waé di Jampang Kulon, imahna Umi Haji. Zahra jeung Ghifa kacida bungahna rék liburan di imah ninina. Tuluy disapukan, Emah jeung Apana ka Bali, sedeng Zahra jeung Ghifa ka Umi Haji.

Nu ka Umi Haji téh nambahan, aya Iqbal, Pio, Galih. Jadi limaan barudak téh. Barang nepi di Umi Haji. Barudak arulin ka sawah, ka kebon Aki Haji ngala mélon. Ngebak di Leuwi Bungur, tuluy ngecrik di Dawuan Uduk. Geus kitu, diajakan Mang Oboy ka Ciseureuh. Di ditu téh ngebak deui dina walungan gedé. Keur raresep ulin di walungan. Jol, aya sora ngaguruh ti ujung walungan. Euweuh hujan euweuh angin. Breg, aya caah déngdéng. Barudak pada ngeleper. Parias. Geus caahna liwat, barudak nuluykeun deui pelesiranana di Ciseureuh. Nyaéta meuntas rawayan. Sasak gantung nu kacida panjangna, ngan awi leunjeuran nu jadi titincakanna, tali tambang nu jadi pamuntanganna.

Saréréa tuluy ka Ujung Genteng, Pangumbahan téa tempatna penyu ngendog. Di ditu barudak ningali penyu ngendog, jeung ningali tukik nu dileupas ka laut. Keur resep ningali penyu, jol aya nu maling penyu jeung endogna. Hanjakal éta maling teu katéwak. Isukna barudak ka imah Mang Didin, Zahra, Ghifa jeung Iqbal nempo di imahna aya penyu jeung endogna. Tuluy nyaritakeun éta pasualan ka Mang Oboy.